

Bonswa tout moun.

Buenas noches a todos.

Bon-swah toot moon.

Byenveni nan Miami Senior High School ki se yon lekòl manifik! Mwen fyè anpil pou m isit la avèk nou tout nan pyè presyèz istorik sa a nan mitan Konte nou an. Mwen pa ka imajine yon pi bon dekò pou nou selebre tout bagay ki fè Miami-Dade espesyal, vibran e solid.

Anvan nou kòmanse, mwen vle pran yon ti moman pou mwen eksprime kondoleyans pwofon nou pou tout moun nou pèdi nan aksidan avyon yèswo nan Washington DC a. Tanpri rejwenn mwen nan yon moman silans pou moun nou pèdi yo ak moun ki chè pou yo.

Yon gran remèsiman a Prezidan Konsèy Lekòl Piblik Konte Miami-Dade yo, Mari Tere Rojas, Sirentandan Dotres, Direktè Valdes ak tout ekip Miami Senior High la pou ospitalite nou. Nou espesyalman fyè pou elèv ki rann evènman aswè a posib – soti nan pèfòmans ouvèti a ki te manifik rive sou sila yo ki dèyè rido pou ede reyalizasyon espektak nou an!

Mwen vle remèsye Prezidan Konsèy Komisyonè Konte nou an, Anthony Rodriguez, ak Komisyonè Eileen Higgins ki reprezante Distri kote nou ye kounye a, pou bèl akèy yo ban nou. E nou di mèsi a tout komisyonè ki isit la aswè a. Mwen espere travay akote w pandan kat pwochen ane yo pou kontinye reyalize gran bagay! Epi, mèsi a: atis nou yo, dirijan relijye yo, gad donè a, powèt loreya a, òganizasyon eskout fanm ak Mèt Seremoni nou an ki vrèman estwòdinè.

Fanmi mwen isit la tou aswè a - ak tout vedèt espektak la, pitit pitit mwen Leila - mèsi a nou tout pou lanmou ak sipò san rete nou.

Mèsi a ekip nou an nan Konte a pou travay enfatigab nou nan sèvi rezidan nou yo. Kit w ap pase yon bon moman nan yon pak Konte a, w ap ouvè wobinè nan kizin ou, w ap rele 311, w ap pran otobis, oubyen w ap itilize youn nan sèvis nou ofri yo, 25,000 anlwaye nou yo ap travay chak jou pou yo ofri ekselans.

E sètènman, MÈSI A NOU TOUT ki vini an pèsòn oubyen ki branche anliy. Mèsi dèske nou konfyè mwen pi gran onè nan vi mwen - pou mwen sèvi kòm majistra w pandan pa sèlman yon sèl men DE MANDA!

Sa a se senkyèm diskou mwen sou eta Konte a antanke Majistra ou. Pandan senk ane ki sot pase yo, mwen pote mesaj sa a nan tout rakwen Konte nou an – soti nan pak piblik nan North Miami Beach, pase nan Tropical Park nan lwès, ak nan Zoo Miami nan sid –

e jodi a, nou rasanble nan Little Havana. Se vrèman yon privilèj pou m reprezante Konte nou an ki chaje moun ki soti divès kote epi pou m travay chak jou pou bati yon gouvènman ki reprezante TOUT moun, soti Aventura rive Homestead, soti West Kendall, Hialeah ak Miami Gardens rive Miami Beach ak toupatou ant kote sa yo.

Atravè tou sa, objektif mwen te toujou kreye yon gouvènman Konte ki pi sousyan, pi ajil, e pi responsab ki TRAVAY POU OU – pou BAY REZILTA ki baze sou priyorite ou yo, AMELYORE kalite lavi ou, epi pou MERITE KONFYANS OU.

Nan premye manda nou an, nou TE KENBE PWOMÈS nou e nou te atake pi gwo defi nou yo dirèkteman.

Tout pandan pandemi an, rebondisman ekonomik nou an, kriz abòdabilite ak efondreman bilding Surfside la – nou pat janm fè lach devan advèsite.

Nou te fè ekonomi nou an grandi rive nan nivo ki pi wo epi nou te fè plizyè investisman istorik nan lojman, enfrastrikti, transpò piblik, ti biznis elatriye.

Kounye a se moman pou nou reve PI GRAN e bati PI GRAN toujou.

Pwochen chapit Miami-Dade la se responsabilite nou pou nou ekri li ansanm, e nou ap OKIPE ZAFÈ ENPÒTAN!

Sa pa vle di afè literal. Sa vle di rezoud pwoblèm ke fanmi yo ap pale chak jou bò tab la pandan soupe.

Okipe zafè enpòtan se okipe zafè LAVI CHÈ.

Okipe zafè TI BIZNIS.

Okipe zafè DOLA TAKS OU.

Okipe zafè ANVIWÒNMAN nou an.

Epi se okipe zafè PWOCHEN JENERASYON nou an ak AVNI NOU GEN AN KOMEN an pou bati yon Miami-Dade kote tout moun kapab pwospere.

Nou ap fè fas tou a pi gwo transfòmasyon nan istwa gouvènman nou an, tranzisyon a nouvo biwo konstitisyonèl yo. Mwen reyèlman fyè dèske Miami-Dade demontre demokrasi alaksyon atravè yon tranzisyon dous e san traka anvè nouvo lidè eli nou yo.

Pandan nou fikse rega nou sou lavni, li enpòtan plis ke jamè ke nou investi resous nou yo sajman. Pou CHAK dola nou depanse, CHAK pwogram nou investi ladan e CHAK politik nou avanse, nou dwe reponn avèk klète e konviksyon: Èske li rann nou pi abòdab? Èske li rann nou pi an sekirite e pi rezilyan? E, èske se yon bon itilizasyon lajan taks ou travay di pou w fè a?

Nan kat pwochen ane yo, mwen pran angajman pou m twouse ponyèt mwen e pou m travay avèk kòlèg nan lòt kan an jan mwen abitye fè – pou m kontinye bati yon gouvènman Konte ki ede plis moun non sèlman DEGAJE YO MEN AVANSE.

En los próximos cuatro años me comprometo a trabajar de sol a sol y a colaborar con todos para seguir construyendo un gobierno que ayude a más personas - no solo a sobrevivir, sino a salir adelante.

Nah caht ah-nay, kap-vee-nee YOH, mweh pla-ni-fieh, trah-vahy, pee dee ahk toot moon. Poo bah-tee yohn, goo-veh-muh, kee eh-deh, noo toot.

Lè mwen te pran fonksyon an 2020, avni nou te ensèten. Men nou te pase alaksyon pou sove lavi moun e rebati ekonomi nou an. Kounye a, to chomaj nou nan Miami-Dade vin pami to ki pi ba nan nasyon an.

Fanmi nan tout Konte a ap TRAVAY DI pou yo genyen yon vi desan, pou yo vin pwopriyetè kay, epi pou yo kite yon lavi miyò pou pitit yo. Men pou twòp pami yo – se toujou kòm si yo kite yo dèyè.

Yon ekonomi ki VRÈMAN mache pou tout moun se youn kote...

moun kapab viv yon fason abòdab,
jwenn bon travay,
deplase fasilman,
EPI biznis kapab pwospere.

Se pou rezon sa a moun dwe kapab GEN MWAYEN POU YO ABITE ISI – pa sèlman pou siviv, men pou pwospere. Nou ap fè investisman istorik nan lojman, nan transpò piblik ak nan ekonomi an pou BESE pri lavi a.

Nan bay devlopè yo avantaj, nou gen tan bati PLIS lojman moun kapab peye nan premye manda mwen an – an reyalite, gen prèske 17,000 inite abòdab ak inite pou mendèv ki an pwojè.

Nou te DOUBLE dola ki investi nan pwojè lojman abòdab de \$128 milyon nan kòmansman 2021 a \$242 milyon an 2024.

Nou te ouvè Biwo Militans pou Lojman pou KENBE MOUN YO nan kay yo. Nou te mete sou pye youn nan pwogram asistans lwaye dijans ki te pi byen reyisi nan peyi a epi nou te bay sipò legal pou evite degèpisman.

Nou trè konsyan tou de kriz kondò anpil moun ap konfwonte kounye a. Pwogram prè nou bay pou kotizasyon espesyal kondominyòm, ki premye nan kategori sa a, te ede plis pase 1,000 fanmi fè reparasyon esansyèl ki koute chè, gras a prè ZEWÒ enterè – tankou Magalys Vazquez, moun Hialeah, ki isit la aswè a. Li se yon pwopriyetè kondominyòm ki, tankou anpil moun, te resevwa yon gwo fakti sanzatan pou

kotizasyon espesyal bilding li a. Nan pwogram nou an, li te resevwa yon prè plis pase \$12,000, e nou te bay plis pase \$200,000 antou pou rezidan nan bilding li a!

Nou te rive atire yon montan san presedan \$80 milyon nan sibvansyon federal pou bati gran devlopmnan abòdab nan Overtown ak Goulds... e nou ap ofri finansman pou ede devlopè KENBE ansyen bilding AN SEKIRITE e ABÒDAB nan plizyè kominote tankou West Grove.

Lwaye gen tan kòmanse estabilize – men gen plis toujou ki merite fèt. Nou va kontinye atake kriz lojman an dirèkteman.

Gras a pwogram HOMES nou an, nou te mete fon disponib pou devlopè reyalize pwojè lojman malgre pri konstriksyon ki tap ogmante. Gras a fon sa a, gen 17 pwojè ki kontinye avanse sou wout reyalizasyon nan de pwochen ane yo.

Nou te resevwa yon subvansyon federal \$2.5 million tou pou etann dejidisyarizasyon degèpisman ak sansibilizasyon jiridik pou anpeche moun vin sanzabri.

Nou anvizaje bati plis lojman SOU PWOPRIYETE KONTE A POSEDE – pandan nou ap reyalize yon envantè tout teren ki disponib.

E nou ap ede gran anplwayè yo bati sou teren yo posede ki pa itilize ase – tankou lopital Jackson Health System, Konsèy Eskolè a ak plizyè legliz lokal. Yon gran remèsiman a Komisyonè Bastien ak komite lojman an pou apwobasyon inanim nou pou 800 inite lojman pou mendèv ki dwe bati sou yon pwopriyete Jackson posede, tou pre transpò piblik! Sa a pral youn nan pi gran pwojè lojman nan kategori sa a ke yon sistèm swen sante ap antreprann. Se solisyon kreyatif SA YO nou bezwen.

Yon ekonomi pi solid bezwen bon transpò piblik tou – ki KONEKTE moun avèk opòtinite e ki ASIRE moun kapab rive nan travay alè. Nou te tandè byen fò e byen klè ke mobilite se yon pi gran priyorite – Komisyonè Gilbert, yon defansè fewòs transpò piblik, te patwone yon sondaj non-ofisyèl ki te montre 80% rezidan vle investi nan estansyon transpò piblik an mas rapid.

Konstriksyon sou South Dade Transitway a, sistèm pi long transpò piblik rapid a otobis elektrik nan peyi a, FINI e sèvis pral kòmanse ane sa a!

Nou te resevwa yon gran finansman pou Koridò Nò a, Koridò Nòdès la ak Koridò Ès-Wès la.

Nou te reyalize pi gran re-planifikasyon kominotè rezo otobis nou an nan 40 ane, konsa nou ap amelyore fyabilite, frekans ak kalite lavi a.

Sa vle di gen MWENS machin sou wout yo, depasman pi sekirite, epi mwens blokis. E mwen fyè pou mwen anonse ke kantite pasaje ki pran otobis yo ogmante a prèske 10%, e kounye a nou se 10yèm pi gran sistèm otobis nan peyi a.

Nou BEZWEN LARI KI PI SEKIRITÈ tou. Ane pase nou te resevwa prèske \$17 milyon nan fon rezève federal pou sekirite wout pou atenn objektif nou ki se ZEWÒ aksidan mòtèl sou wout yo.

Epi, prepare w pou depasman w gen yon nouvo aparans. Nou ap modènize Metromover a konplètman epi nou ap renove TOUTabri pasaje otobis yo.

Pandan kat ane ki sot pase yo, Miami-Dade te vrèman tounen yon sant pou teknoloji ak inovasyon.

Nou te anbrase li pou AMELYORE VI MOUN e pou fè defi pi difisil nou yo tounen opòtinite.

Pami 31 sant teknolojik atravè tout peyi a, se nou menm yo te nonmen SÈL sant teknoloji klimatik nan peyi a epi nou te resevwa plis pase \$20 milyon pou rann nou pare pou klima a.

Objektif nou se kreye plis pase 20,000 nouvo djòb nan sektè ekoloji ki byen peye, jenere 9 milya dola nan nouvo revni, epi pozisyon Sid Florid antanke yon lidè mondyal sou mache klimatik la ki reprezante plis pase 1 bilyon dola.

Nou te lanse bousdetid Future Ready Scholarships nan Miami Dade College yon fason pou TOUT rezidan kapab konplete yon diplòm asosye GRATIS - e nou gentan sipòte 2,000 etidyan deja! Yon gran remèsiman a Prezidan MDC a, Pumariega, ki isit la aswè a!

Nou ap travay avèk dirijan komèsyal nou yo pou ranfòse patenarya piblik-prive – epi nou te lanse Otorite Inovasyon Miami-Dade, pou fè solisyon sektè prive yo gen rapò avèk kèk nan pi gran defi nou yo.

Nou ap investi nan endistri a kwasans rapid tankou ayewospasyal, akote Komisyonè Gonzalez ki ap fè presyon pou kreye plis opòtinite nan domèn sa a.

Nou tout konnen ke ti biznis se zo rèl do ekonomi nou an. Administrasyon mwen an pare pou li atenn 75% TOUT ti biznis nan Miami-Dade ane sa a gras a STRIVE305, pwogram pi enpòtan nou ki devlope konpetans, kapital ak rezo. Epi nou te lanse nouvo platfòm sou entènèt, workforce.miami ak STRIVE305Hub.

Nou ap fè investisman pou fè sèktè imobilye, agrikilti, fim ak touris nou yo kontinye grandi pou divèsifye ekonomi nou an soti nan nò rive nan sid.

Nou ap travay tou byen di pou planifye pou lavni pandan kominote nou an kontinye grandi – mèsè Komisyonè Bermudez dèske w ap travay pou priyorize planifikasyon entelijan.

Nan sa ki gen rapò avèk tourism, nou ap atire evènman renome ki envite milyon moun ki soti toupatou sou latè. Ane pase, an kolaborasyon avèk Greater Miami Convention ak Biwo Vizitè yo, nou te fè Latin Grammys retounen lakay. E nou espere akeyi fanatik espò pou Koup di Monn lan ak pou Klasik Mondyal Bezbòl la ane pwochèn!!!

Al invertir en vivienda, transporte, innovación y en nuestras pequeñas empresas, ¡estamos construyendo una economía que funciona para todos!

Nahp eh-vis-tee poo yohn, e-co-no-mee, kee trah-vahy poo TOOT moon!

Okipe zafè enpòtan nan pwochen chapit nou an vle di tou fè gouvènman an mache avèk VITÈS biznis.

Sa vle di PWOTEJE LAJAN TAKS OU pou rann Konte a pi efikas. E se egzakteman sa nou tap fè pandan kat dènye ane yo.

Nou te kenbe to taks yo istorikman ba pandan de ane youn deyè lòt pou nou fè plis lajan tounen nan pòch OU.

Nou te restriktire sistèm finansman nou an pou nou resevwa klasman kredi pi wo senk fwa, sa ki pèmèt nou ekonomize plizyè santèn milyon dola nan peman dèt alavni. Klasman obligasyon sa yo ki resevwa prim, pèmèt OU ekonomize LAJAN e yo PWOTEJE sante fiskal nou alontèm.

Nan kat pwochen ane yo, nou pral KONTINYE pwofite inovasyon e nou va senplifye operasyon nou yo pou nou bati yon gouvènman Konte pi efikas toujou ki bay plis bon rezilta – pou ekonomize lajan, redui biwokrasi, e kontinye merite konfyans ou.

Se pou rezon sa a aswè a mwen fyè pou m anonse **ajanda WISE305** nou an – yon seri mezi administrasyon mwen an va suiv pandan nou kontinye dirije avèk responsablite fiskal.

Premyèman, lèt **W ki nan mo WISE** la vle di WORKPLACE. Nou va mete sou pye inisyativ nan SIT TRAVAY (WORKPLACE) ki ranfòse kapasite anplwaye nou yo pou elimine règ inefikas ki ralanti nou. Administrasyon mwen an ap redouble efò sou pwomès nou pou nou investi lajan TAKS ou yo avèk sajès. CHAK politik nou defann,

CHAK pwogram nou etabli, CHAK tranzaksyon imobilye nou pousuiv, e CHAK kontra nou pwopoze ta dwe reyalize rannman ki PI ELVE a, pandan sa ap rann Miami-Dade pi abòdab, pi sekirite e pi rezilyan.

Lèt I ki nan mo WISE la se pou Investment (Envestisman) nan teknoloji! Nou pral kontinye tire meyè avantaj nan nouvo teknoloji pou elaji aksè a sèvis ak enfòmasyon. Menm jan ak konpayi Fortune 500 yo, nou pral kontinye entwodui otomatizasyon nan domèn tankou sèvis kliyan ak jesyon done pou amelyore efikasite. Se ak anpil espwa nou ap tann piblikasyon sistèm pèmi modènize pou kreye yon pi gran responsabilite pandan nou ap akselere tan revizyon yo dire. Envestisman nan teknoloji va rann li pi rapid, pi fasil e mwen chè pou moun antreprann biznis nan Miami-Dade e avèk Miami-Dade.

Lèt S ki nan mo WISE la se pou Savings (epay) pou biznis ak rezidan. Nou va EKONOMIZE lajan kontribyab yo nan konsolide plizyè sèvis, plizyè kontra pou tire meyè avantaj nan CHAK DOLA KI DEPANSE. Nou gentan mete ansanm Sèvis Entèn ak Resous Imèn pou rann fonksyon sa yo pi efikas, e direktè depatman enkwayab nou yo anchaje pou yo elimine duplikasyon pou konsève resous kontribyab yo kèlkeswa kote sa posib. Nou gentan ap travay sou yon inisyativ pou rann depatman Teknoloji Enfòmasyon nou an pi efikas toujou e pou ogmante opòtinite pou fè plis revni.

Epi finalman, lèt E ki nan mo WISE la vle di Efficiency Review (revizyon efikasite). Nou va reyalize yon revizyon politik akayik yo pou kreye yon efikasite maksimòm pou rezidan ak ti biznis. Tout politik ki te vote depi plis pase dis ane, nou va revize yo avèk anpil atansyon pou nou jwenn mwayen pou elimine règ akayik yo, pandan nou ap redui biwokrasi ki pa nesèsè.

Mwen espere travay avèk Konsèy Komisyonè Konte a pou egzekite inisyativ sa yo e sitou Prezidan Rodriguez, paske rann gouvènman nou an pi efikas se youn nan pi gran priyorite li.

Esta noche estoy lanzando la iniciativa WISE305 para tener un gobierno del condado aún más eficiente: para ahorrar dinero, reducir la burocracia y seguir ganando su confianza.

Mweh luh-say yohn, ee-nees-ya-tihv WISE305 - poo e-co-no-mee-ZEH lah-jah, AK coo-peh de-pahnss.

WISE305 se pwomès mwen ke nou ap travay PI DI PASE ANVAN yon fason pou demen vin pi bèl – e ke nou maksimize chak dola. Envestisman nou an ki fèt sajman va pote fwi jodi a AK demen.

Miami-Dade gen yon kwasans pi rapid pase anvan – e enfrastrikti nou an dwe rete opa. **Lè gen sant vwayaj ak enfrastrikti klas mondyal, sa okipe zafè enpòtan nan bay biznis bourad.**

Mwen fyè dèske nou te rive atire plis pase 1 milya dola nan finansman etatik e federal sèlman nan kat dènye ane yo pou sipòte enfrastrikti! Pi devan, nou va chèche tout opòtinite pou nou travay avèk Prezidan Trump ak dirijan nan Eta nou an pou kontinye fè enfrastrikti nou an tounen yon enfrastrikti klas mondyal, pandan nou kontinye bati pon avèk sektè prive a pou atire investisman adisyonèl.

Ayewopò lakay nou, MIA, te desèvi yon kantite rekò apeprè 56 milyon pasaj ane pase. Nou se ayewopò santral nan peyi a ki gen kwasans pi rapid e nou klase #1 nan kago entènasyonal!

Alò, nou ap fè investisman istorik pou nou rete opa. Plan 9 milya dola Modènizasyon Pare pou Lavni MIA a ap transfòme tout ayewopò a antyèman.

Soti nan ranplase TOUT twalèt, pase nan modènize asansè ak eskalye woulan, rive nan konstwi nouvo estrikti ak renove ansyen yo, ou va wè yon MIA tou nèf nan pwochen 4 ane yo. E gen yon chanjman kilti ki ap fèt tou. Kanpay "I AM MIA" nou an ap fòme apeprè 40,000 anplwaye pou amelyore eksperyans vwayajè e pou entèveni byen rapidman lè gen pwoblèm antretyen.

Nou ap bay kwasans priyorite pandan nou ap pwoteje anviwònman nou an tou – **paske okipe zafè anviwònman nou an se afè tout moun.**

PortMiami, kapital mondyal kwazyè, tounen PREMYE gran pò kwazyè sou kòt lès la ki lanse "SHORE POWER" (alimantasyon elektrik sou waf)! Teknoloji avanse sa a onivo nasyonal pèmèt jiska senk bato ploge nan rezo elektrik nou an an menm tan pandan yo koste, sa ki redui emisyon.

Gras a investisman federal, pò a ap chèche mwayen tou pou pi byen jere KAGO, pandan li ap konstwi TÈMINAL KWAZYÈ KI PI GWO NAN MOND LAN, ki va ouvè ane pwochèn!

Fè anviwònman nou an PA JANM PASE MÒD epi REDUI DANJE pou moun ak pwopriyete se bagay esansyèl. Yon gran remèsiman a Komisyonè Cohen Higgins dèske li toujou ap lite pou pwoteje anviwònman presye nou an ak Everglades.

Nou ap antreprann pi gran pwojè enfrastrikti dlo nan listwa Florid, pandan n ap itilize dènye teknoloji - paske DLO SE LAVI!

Gras a Connect 2 Protect, nou ap konvèti fòs septik ki pa travay byen e ki vilnerab an sistèm egou santralize e fyab Konte a. Non sèlman sa prepare kay ak biznis pou lanmè ki ap monte, men li pwoteje Biscayne Bay tou – zantray ble ekonomi nou an – kont polisyon. Avèk plis pase 11,000 koneksyon ki sou pye, nou gentan konekte 1,000 pwopriyete nan katye tankou Little River, Ojus ak lòt ankò.

Sa a nan avantaj pwopriyete kay tankou Monica Arenas ak Cesar Sanchez ki isit la aswè a. Fòs septik kay yo a te andomaje e li te bezwen reparasyon ki koute anpil kòb. Gras a Connect 2 Protect, nou konekte kay yo a avèk egou a, konsa sa evite danje pou sante moun ak domaj pou pwopriyete yo a.

Nou kòmanse PARE POU KONDISYON METEWOLOJIK pou agravasyon tanpèt, chalè ak inondasyon. Gran amelyorasyon nan sistèm inondasyon nou an fè nou jwenn klasman pi elve nan men FEMA e benefisye GWO EKONOMI ASIRANS pou rezidan ak biznis.

Nou kontinye lite kont inondasyon men nan men avèk vil nou yo. Nan tèt ansanm avèk Komisyonè Steinberg, nou te òganize premye rankont deba sou inondasyon avèk dirijan vil yo.

Pou pwoteje nou kont chalè ekstrèm, nou ap plante plis pyebwa natif natal, premyèman nan katye ki gen mwens kouvèti pyebwa. Non sèlman sa rafrech lari nou yo men li redui depans enèjetik e li ogmante valè pwopriyete yo.

E nou kontinye investi nan bèl pak piblik ak espas piblik, sa ogmante kalite lavi a pou fanmi toupatou.

Nou ap investi tou nan ENÈJI PWÒP ak MWENS DECHÈ, konsa nou ap ekonomize lajan taks ou epi nou ap rann etablisman nou yo pi efikas. Sa gen ladan redui polisyon ak plastik – sèlman ane pase Komisyonè Higgins te prezante nouvo politik solid Konte a pou elimine plastik ki fèt pou yon sèl sèvis nan etablisman nou yo!

Nou te enstale TWA gran sistèm enèji solè nan bilding Konte e gen plis toujou ki pral fèt, nou te ajoute plis pase 250 veyikil elektrik nan flòt nou an, e nou te mobilize prèske 200 bilding sektè prive nan defi nou an pou yo redui depans enèjetik.

Finalman, nou ap bati yon kominote an SEKIRITE e an SANTE ki okipe zafè pèp li.

Mwen fyè anpil de tout bagay nou te akonpli nan premye manda mwen an pou rann Miami-Dade youn nan kominote ki pi an sekirite nan peyi a. Kounye a nou ap anbake nan yon nouvo chapit pasyone avèk nouvo cherif nou an ak gouvènay la nan men l.

Men priyorite nou yo pa chanje – KENBE REZIDAN AK VIZITÈ AN SEKIRITE.

Nou te lanse premye plan Pè ak Pwosperite nan kategori pa li, yon investisman \$90 milyon sou 20 ane nan rediksyon krim, ki kreye opòtinite pou jèn moun e ki sible sous vyolans lan. Mèsi Komisyonè Hardemon dèske se ou ki pran direksyon pwogram sa a, mèsi pou sipò ou pou revitalizasyon katye yo.

Nou ap fè tout sa nou kapab pou nou bati yon avni briyan pou timoun nou yo, pou nou

sipòte sante mantal.

Ane pase, nou te lanse inisyativ Zewo Nwayad Miami-Dade, yon patenarya avèk lekòl nou yo, Children's Trust, ak lòt patnè kominotè pou MONTRE PLIS TIMOUN NAJE – yon konpetans ki sove vi moun!

Nou kontinye sipòte granmoun aje tou, tèlke yon gwoup travay pou pwoteje granmoun aje kont abi ak eksplwatasyon ansanm ak Komisyonè Garcia ak Pwokirè Eta nou Katherine Fernandez Rundle.

Pou premye fwa nan istwa nou, Depatman Ponpye Miami-Dade reyalize klasman asiran Klas 1 – pi wo klasman ki genyen. Klas 1 vle di sèvis sekou ensandi nou an itilize pratik dènnye kri – EPI li bese prim asirans ou.

Ekip MDRF la, tanpri leve kanpe pou nou rekonèt ou!

Avèk sipò komisyon an, Konte a pral ouvè nouvo Sant Sante Mantal la ANE SA A, ki ap reyalize vizyon Jij Steve Leifman pou li sèvi moun ki pi vilnerab yo. Sant lan pral pote yon kontinuite swen kolaboratif pandan l ap founi sèvis sante mantal, swen pou toksikomani, ak lòt sèvis. Yon gran remèsiman a Komisyonè Regalado dèske li ap pran defans efò sa a.

E sètènman, nou ap okipe zafè zanmi kat pat nou yo tou – pandan nou ap elaji efò esterilizasyon ak kastrasyon pou atake pwoblèm bèt ki peple twòp. Yon gran remèsiman a Vis Prezidan Konsèy McGhee pou travay w ap fè pou ede plis bèt kay jwenn fwaye pou tout tan pa yo.

Nou pat ka fè youn nan tout sa yo san 25,000 anplwaye enkwayab Konte a. Se nou menm ki motè ki ban nou enèji chak jou, 365 jou pa ane – yon fason pou nou kapab ale nan travay, fè ranmase fatra nou, bwè dlo pwòp, ak yon pakèt lòt toujou.

Ou non sèlman bay sèvis ki ekselan, men ou fè BYEN PLIS PASE DEVWA W – tankou Chofè Otobis nou Jeffery Heredia. Pandan li te de sèvis, li te remake yon granmoun aje avèg nan yon kwen, e granmoun aje a te bezwen èd pou li travèse lari a. Li rete otobis la an tout sekirite epi li desann pou li kenbe bra avèg la e mennen l lòtbò lari a. Mèsi Jeffrey dèske w montre nou sa sa vle di pou w yon gouvènman se gouvènman ki SOUSYAN. Tanpri leve kanpe!

Se konsa MIAMI-DADE KANPE AVÈK NOU, rezidan nou yo.

Miami-Dade está contigo!

Miami-Dade kahn-peh avec oo!

Nou te toujou travay akote dirijan sendika nou yo pou investi nan anplwaye nou yo e bati yon mendèv ki pi solid toujou. Komisyone Cabrera, ou te yon vwa fò sou estrad la pou fanm e gason nou yo ki nan travay.

Se vrèman onè vi mwen pou mwen sèvi antanke Majistra ou akote fonksyonè ki devwe pou fè Miami-Dade youn nan kominote ki pi solid, pi an sekirite e pi dinamik nan peyi a.

Miami-Dade, ANSANM nou ap ekri pwochen chapit istwa nou an.

Nan yon moman kote, toupatou nan lemond, nou wè divizyon ak espri sektaris demezire – pa bò isit la nou montre ke nou kapab KONSTWI PON e LONJE MEN YOUN BAY LÒT.

Mwen kwè ke ou kapab OKIPE ZAFÈ ENPÒTAN e reyalize VRÈ REZILTA pandan w ap dirije avèk KONPASYON, JANTIYÈS e KOLABORASYON – nou pwouve sa.

Manman mwen, ke mwen pèdi avèk tristès tousuit anvan joudlan, ta dwe gen 91 an jodi a. Se li ki te anseye mwen konpasyon, reverans ak travay pou lapè. Mwen sonje li espesyalman nan tout travay nou ap fè pou jwenn konpwomi ak yon teren dantant – pou nou monte pi wo pa MALGRE diferans nou, men AKOZ koneksyon nou.

Alò, mwen gen je m fikse sou lavni, plen ak espwa e byen detèmine, non sèlman pou kat pwochen ane yo men pou pi lwen toujou.

Yon gran remèsiman a nou tout ki fè pati istwa nou an.

Biznis nou yo, lidè relijye nou yo, òganizasyon a bi non likratif nou yo, ak lòt kolaboratè ki ap ede nou fasone lavni an.

Trèz Komisyone Konte nou yo, chak pote diferan ekspètiz ak pasyon, pandan yo ap travay ansanm pou bati yon Konte pi solid.

Biwo konstitisyonèl nou yo, tètke grefye e kontwolè nou Juan Fernandez-Barquin ak sipèvizè eleksyon nou Alina Garcia ki fèk eli e ki reyini avèk nou aswè a ansanm avèk lòt yo ki gen moun reprezante yo, konsèy eskolè nou, ak dirijan etatik e federal nou yo.

Trankat minisipalite nou yo, nan tout rakwen kominote nou an.

Apeprè 25,000 anplwaye Konte nou yo ki bay depase mezi pou yo sèvi.

E sètènman, apeprè 3 milyon rezidan Konte nou yo. Menm jan mwen te fè depi premye jou a – Mwen pwomèt pou mwen vini travay chak jou, pou mwen mete OU AN PREMYE, e pou mwen bati yon gouvènman ki merite konfyans ou, yon gouvènman nou tout kapab fyè de li.

Ansanm, nou va OKIPE ZAFÈ KI ENPÒTAN. Nou va kontinye monte pi wo. Paske ETA KONTE NOU AN SOLID e demen ap vin pi bèl!

¡El estado de nuestro condado es

fuerte! Eh-ta kon-tay noo-ahh so-leed.

Se pou Bondye beni nou tout! Se pou Bondye kontinye beni Konte Miami-Dade!